# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# राजकुमार क एगो चरवाहा बनल


लेखक: Edward Hughes
ब्याख्याकर: M. Maillot; Lazarus
अनुकूलित: E. Frischbutter; Sarah S; Alastair P.
अनुवादक: सुरेश मसीह
उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada



©2021 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।






एक दिन मूसा कवनो मिस्री के एगो हिब्रू दास के मारत देखलन। हालांकि मूसा, फिरौन की महल में एगो राजकुमार की रूप में पलल - बढ़ल अउर शिक्षित भइल रहलन, फिर भी उ एगो यहूदी ही रहलन। उनके गुलामन क मदद करे के रहे।


मूसा, अपनी नजर के चारों ओर घुमवलन कि केहु कहीं उनके देख ना लेव, उ क्रूर दासन की स्वामी पर हमला कइलन। ए लड़ाई में, मूसा ओ मिस्री के मार डललन। अउर जल्दी से ओकरी, शव के दफन कर दिहलन।
3
अगिला दिन, मूसा दुगो इब्रियन के आपस में लड़त देखलन। उ उनके रोकला क कोशिश कइलन। ओमें से एगो कहलस, "का तू ओ मिस्री की समान हमके भी मारल चाहत बाड़अ?" मूसा डर गोइलन। सब लोग के पिछला दिन की बारे में पता चल चुकल रहे। फिरौन के भी मालूम हो गइल रहे। मूसा के भागे के पड़ी। उ मिद्यान नाम की देश में भाग गोइलन।
4
मूसा एगो कुँवा की लंगे आराम करत रहलन, उहवें मिद्यान की याजक क सातो बेटी लोग अपनी बाबूजी की झुंड के पानी पियावे खातिर कठौती में पानी भरत रहलीं।
5
अन्य चरवाहा लोग ओ लोगन के धक्का देके एक तरफ हटवला क कोशिश कइलें। मूसा ओ महिला गोल क रक्षा करके उनकर मदद कइलन।
6
लड़कियन क बाप रूएल आश्चर्य से पुछलें, "तू लोग आज जल्दी घर कइसे आ गोइलु!" जब बेटी लोग समझवली तब उ कहलन, "ओ आदमी के ईहाँ ली आवअजा" मूसा रूएल की संगे जिनके जेथ्रो की नाम से भी जानल जात रहल, की संगे लहलन।
आगे चलके, मूसा रूएल की सबसे बड़की बेटी से शादी कइलन।
7
अब मिस्र में, फिरौन क मृत्यु हो चुकल रहे। परमेश्वर क लोग, इब्रि, अभी भी गुलाम रहलें। उ लोग बड़ा दुख में जीवन यापन करत रहलें!
उ लोग परमेश्वर की मदद खातिर प्रार्थना कइलें! परमेश्वर उन सब कर प्रार्थना सुन लिहलें।
8


मूसा के ई पता ना रहल, लेकिन परमेश्वर गुलाम इब्रियन क मदद की खातिर उनके उपयोग कइला क योजना बनवलें। मूसा के मिस्र छोड़ले चालीस साल बीत चुकल रहे। उ रूएल की झुंड क चरवाहा रहलन। लेकिन मिस्र में उनके लोगन क याद जरूर आवल करत होई।
9


एक दिन मूसा पास की एगो झाड़ी में आग देखलन। लेकिन आग झाड़ी के जरा ना पावत रहल। मूसा एकर पता लगवला क फैसला कइलन।
10


जइसे ही मूसा झाड़ी की करीब पहुंचलन, परमेश्वर झाड़ी में से मूसा के पुकरलें, "मूसा!" "हम ईहाँ बानी," मूसा कहलन। "अउर करीब मत आवअ," परमेश्वर कहलें "अपनी गोड़ क जूती उतार दअ, जेवना जमीन पर तू खड़ा बाङअ उ पवित्तर जमीन हअ।"
11


परमेश्वर कहलें, "हम अपनी लोगन के मिस्र से बाहर निकाल लियावे की खातिर तोहके फिरौन की पास भेजब" लेकिन मूसा उँहा जइला से डेराये लगलन।
12


फिर परमेश्वर मूसा के अपनी महान शक्ति दिखवलें। उ मूसा की छड़ी ले एगो साँप में बदल दिहलन।
13


जब मूसा साँप के पूंछ की तरफ से पकड़ के उठवलन तब उ फिर से उकर लाठी बन गोइल। परमेश्वर एगो अउर संकेत दिहलन।
14


उ आज्ञा दिहलन, "सीना पर अपनी हाथ के रखअ" मूसा वइसने कइलन। उकर हाथ कुष्ठ रोग से ग्रसित सफेद हो गोइल।
15


उ फिर से वापस ओइसने कइलन अउर उकर हाथ चंगा हो गोइल।
16


मूसा अबो आपत्ति जतवलन। उ परमेश्वर के बतवलन कि, "हम बढ़ियाँ तरह से बोल ना सकी ना।" परमेश्वर नाराज हो गोइलें। उ कहलें, "हम तोहरी भाई हारून क उपयोग करब, तू उनके बोले खातिर शब्द बतईहअ।"
17


मूसा, जेथ्रो की पास लवटलन, आपन सामान बन्हलन अउर मिस्र देश की खातिर रवाना हो गोइलन।
18


परमेश्वर, मूसा की भाई हारून क नेतृत्व कइलन की उ पहाड़न में मूसा से मिलवँ। मूसा सब हिब्रू लोगन के मिस्रवासियन की गुलामी से मुक्त कइला की बारे में परमेश्वर की योजना के हारून से बतवलन। दूनों साथ में, यहूदी अगुवन की पास ए खबर के पहुचवलें। जब मूसा हिब्रू अगुवन के एगो बड़ चिंन्ह देखवलन तब उ सब लोग, विस्वास कइलन की परमेश्वर उनकर मदद करीहें। साथ में, उ सब लोग झुक के परमेश्वर क आराधना कइलें।
19


बहादुरी से, मूसा अउर हारून फिरौकी की पास गोइले। उ लोग उन से कहलें कि, "परमेश्वर कहत बाड़न कि, हमरी लोगन के जाए दअ।"
20

"हम इसराइल के जाए ना देइब," फिरौन जवाब दिहलन। उ परमेश्वर की आज्ञा क पालन ना करीहन।



21

परमेश्वर के फिरौन की मन के बदले खातिर अपनी बड़ शक्ति क उपयोग करे के पड़ी।



22

राजकुमार क एगो चरवाहा बनल

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

निर्गमन 2-5

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

23

# समापन

10 60

24

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16

25